# العقيدة الإسلامية

الإمام ابن أبي زيد القيرواني

# БУСАЛБА КХЕТАМ

Имам Ибн Аби-Зайд
Ал-Къайраваний

www.dinulislam.org

بسم الله الرحمن الرحيم

# Имам Ибн Аби́-Зайд Ал-Къайрава́ний

Цуьнан цIе IабдуллахI хилла, цуьнан де цIе Абу́-Зайд Iабдуррахьма́н хилла. Цундела цунах Ибн Аби́-Зайд олу, Абу-Зайдан воI бохург ду иза.

Имам Ибн Аби Зайд вина хIижратан терахьца 310-чу шарахь, иза кхелхина 386-чу шарахь, 76 шарахь ваьхначул тIаьхьа.

Шен заманан а, ша вехачу меттиган а уггар баккхийчу Iелам-нахах цхьаъ хилла иза. Iелам-стаг а волуш, шен Iилманца Iамал еш а волуш, Iибадат дукха деш а волуш, дуьне лехар кIеззиг хилла а волуш, тешаме волуш, комаьрша волуш, хастаме волуш, лаам лаккхара болуш стаг хилла Имам IабдуллахI. Суннатана тIаьхьа вазарца а, хьадисаца Iамал йарца а, дин юккъе керла хIуманаш юкъадаьхначарна доьхьало йарца вевзаш хилла иза. Иза шайца гIараваьлла долчу Iилманех ду тафсиран Iилма а, хьадисан Iилма а, хьехам баран Iилма а, фикъхIан Iилма а. И дерриге дикаллаш шеца хиларна, Iилманан даржехь лакхаваьлла иза хиларна а, «Жима Малик» олуш хилла цунах, Имам Маликах иза тарвеш, хIунда аьлча цо фикъхI Iилма маликийн мазхIабехь Iамийна хилла дела. Шен заманахь ерриге бусалба малхбузенехь болчу Суннатан охIлунан имам хилла иза.

Доьххьара дуьйна Къуръан дагахь Iамийна хилла цо, тIаккха шен махкахь бехачу Iелам-нахаца Iилма а Iамийна цо. 330-чу шарахь ша хьадж дан воьдучу хенахь, новкъахь а, дIаькхаьчча цигахь а цо хьадисан Iилманца къаьсттина тIалам беш хилла дела, тайп-тайпана мехкашкара Iелам-нахера цо шена хьадис Iамийна дела, хьадисийн иснад лаккхара хилла цуьнан. Жималлехь дуьйна гIараваьлла хилла иза хIуманах дика кхеташ хиларца а, хьекъал сов хиларца а, Iилма дукха хиларца а. Цуьнан масала ду цо шен вуьрхIийтта шо кхаьчча яздина долу «Ар-РисалахI» жайна. И массо хIума бахьана долуш дуккха а мутаIеламаш хилла цуьнгара Iилма лохуш, баккхийнаш а, кегийнаш а богIуш хилла цуьнан дарсашка а, цуьнан хьехамашка а ладогIа. Тайп-тайпана мехкашкахь дуккха а баккхий Iелам-нах бевлла цуьнан мутаIеламашна юкъара.

Іилма Іаморца а, иза хьехарца а гІараваьлла хиларе терра, жайнаш яздар а дукха хилла Имам Ибн Аби Зайдан. Ткъеиттангара шовзткъанга кхаччалц жайна яздина хилла цо тайп-тайпанчу Іилманашкахь: тафсирехь а, хьадис Іилмангахь а, фикъхІехь а, кхидолчу Іилманашкахь а. Церах цхьадолу жайнаш цхьа ша-тайпа пайдане ду, кхечерах къаьсташ долуш, церан масала ду «Ар-РисалахІ» жайна а, «Ан-Нава́дир Ваз-Зийа́да́т» цІе йолу жайна а. Ткъа, «Ар-РисалахІ» жайна цо доьххьара яздина жайна а ду, шен 17 шо кхаьчча яздина а ду, уггар гІарадаьлларг а ду, маликийн мазхІабехь дацдеш доьххьара яздина жайна а ду. Цундела маликийн мазхІабан Іелам-наха малхбалехь а, малхбузехь а къобалдина тІелаьцна хилла ду цуьнан и жайна, Іаморца а, хьехарца а, маьІна дарца а, дагахь Іаморца а. Масала, цу жайнин маьІна деш яздина долу жайна ткъеитт сов жайна ду. 939-чу шарахь кхелхина волчу Шейх Іалий Ал-Мануфийс цу «Ар-РисалахІ» жайнин маьІна деш ша цхьамма яздина тайп-тайпана ялх жайна ду. Іелам-наха иза иштта деза лоруш хиларна, шекъана метта деши а лелош, дешица яздина хилла а ду иза, 20 деши дина́рах доьхкина хилла а ду халифатан коьрта гІалахь БагІдадехь.

Бусалба дин Іамош, иза довзуьйтуш, иза даржош, цуьнца Іамал еш, иштта Дала шена тоьхна йолу хан яьккхинчул тІаьхьа, хІиджратан терахьца 386-чу шарахь кхелхина Имам ІабдуллахІ ибн Аби-Зайд.

Веза хинволчу АллахІе доьху вай Цо цунах Шен къинхетам бар а, Цунна гечдар а, Цунна Шен ялсамани йалар а. Амин.

ХІара яздеш пайдаэцна жайнаш: «Мукъаддиматур-РисалахІ» жайна зорбанна кечдина волчу Шейх Бакр Абу-Зайдан а, Шейх Іабдул-Фатта́хь Абу ГІуддатан а ши дешхьалхе.

# БУСАЛБА КХЕТАМ

| **Маттаца схьаалар а, дагца тешар а важиб долу бусалба кхетамаш буьйцу да́къа ду хIара** | | **باب ما تنطق به الألسنة وتعتقده الأفئدة من واجب أمور الديانات** |
|---|---|---|
| Важиб ду дагца теша а тешаш, маттаца схьаолуш хилар: | | من ذلك الإيمانُ بالقلب والنُّطقُ باللِّسان |
| АллахI - цхьаъ волу дела ву аьлла! | | أنَّ اللهَ إِلَهٌ واحدٌ |
| Иза воцург кхин дела вац. | | لا إله غيرُه، |
| Цунах тера хIумма а дац, | | ولا شبيهَ له، |
| Цуьнца нисдала йиш йолуш хIумма а дац. | | ولا نَظيرَ له، |
| Цуьнан доьзалхо а вац. | | ولا وَلَدَ له، |
| Иза дех-ненах схьаваьлла а вац. | | ولا وَالِدَ له، |
| Цуьнан хIусамнана а яц. | | ولا صاحبة له، |

| | | |
|---|---|---|
| (Цуьнан балхахь) Цуьнца цхьаьна цхьаъа накъост вац. | | ولا شريكَ له. |
| Иза хьалхара хиларан юьхьиг яц (Цул хьалха цхьаъа хIума хилла дац; цкъа воцуш а хилла, тIаккха хила волавелла вац Иза, даим волуш хилла ву Иза). | | ليس لأَوَّلِيَّتِه ابتداءٌ، |
| Иза тIаьххьара хиларан чаккхе а яц (Иза дIа а ваьлла, Цул тIаьхьара хир долуш цхьаъа хIума дац; воцуш хир волуш вац Иза, даим хир волуш верг ву Иза). | | ولا لآخرِيَّتِه انقضاءٌ، |
| Цуьнан куцош дуьйцурш кхуьур бац церан духе (Цуьнан куцош ма-дарра муха ду хуийла дац цхьанна а, Цунна Шена бен). | | لا يَبْلُغ كُنْهَ صِفَتِه الواصفون، |
| Цуьнан болх ма-барра бевзар а бац (Цунах лаьцна) ойла ечарна. | | ولا يُحيطُ بأمرِه المُتَفَكِّرونَ، |
| Хьехам хила луучара Цуьнан билгалонаш тIехь ойла йо, Цуьнан Шен духе кхиа гIерташ ойланаш ца йо. | | يَعتَبِرُ المتفَكِّرونَ بآياته، ولا يَتَفكَّرونَ في مائيَّة ذاتِه |
| Цуьнан Iилманах цхьаъа хIума ца хаьа царна, Цунна лиънарг бен. Стигланаш а, латта а шена чулоцуш ду Цуьнан «курсийй»[1]. И шиъ (стигал а, латта а) лардаро цхьаъа хало а ца йо Цунна. Лекха верг а, воккха верг а ву Иза. | | ولا يُحيطون بشيءٍ من عِلمه إلاَّ بِما شاء وَسِعَ كرْسِيُّه السَّموات والأرض، ولا يَؤُودُه حفظُهما وهو العليُّ العَظيمُ. |

[1] «Курсийй» - АллахIан Iаршан лахара дакъа ду.

| | |
|---|---|
| (Массо хIума) хууш верг а, девзаш верг а ву Иза. | العالِمُ الخبيرُ، |
| (Массо хIума) лелош верг а, (массо хIуманна тIехь) ницкъ болуш верг а ву Иза. | المُدَبِّرُ القَديرُ، |
| (Массо хIума) хезаш верг а, гуш верг а ву Иза. | السَّمِيعُ البصيرُ، |
| (Массо хIуманал) лекха верг а, воккха верг а ву Иза. | العَلِيُّ الكَبيرُ، |
| Шá Шен сийлахь Iарш тIехула (лакхаваьлла) а ву Иза. | وَأَنَّه فوقَ عَرشه المجيد بذاته، |
| Шен Iилманца (массо хIума девзаш хиларца) массо меттехь а ву Иза: | وهو في كلِّ مَكان بعِلمه. |
| Адам кхоьллина Цо, цуьнан дагчу уьхуш йолу ерриге ойланаш йовза а евза Цунна, (Шен хаарца, гарца, хазарца) цуьнан синан-пхенал герга а ву Иза цунна. | خَلَقَ الإنسانَ، ويَعلمُ ما تُوَسْوِسُ به نفسُه، وهو أَقرَبُ إليه من حَبْلِ الوَرِيدِ، |
| Цхьаъа (дитта тIера) гIа охьа ца дужу, Цунна иза хууш долуш бен. Латтанан боданашкахь цхьаъа тIеда хIума а, йа цхьаъа екъа хIума а яц (кхуьуш, кхоллалуш, дIайолуш), билггал долчу жайни тIехь (Ал-Лавхьул-Махьфýз тIехь) шá дIаяздина долуш бен. | وما تَسقُطُ من وَرَقة إلاَّ يَعلَمُها، ولاَ حَبَّة في ظُلُمَات الأرض وَلاَ رَطْب وَلاَ يَابس إلاَّ في كتاب مُبين. |
| Iарш тIехула лакхаваьлла Иза. | على العَرشِ استَوى، |

| | |
|---|---|
| Дерриге паччахьалла а чуьлацна Цо. | وعلى المُلْكِ احْتَوى، |
| Уггар хаза цIераш а, уггар лакха куцош (сифаташ) а ду Цуьнан. | وله الأسماء الحُسنى والصِّفاتُ العُلَى، |
| Шен сифаташца а, Шен цIерашца а даим хилла ву Иза (Цуьнан сифаташ а, Цуьнан цIераш а, церан маьIнеш а даим хилла ду Цуьнца, цкъа доцуш а хилла тIаккха кхолладелла дац уьш). | لَم يَزَل بِجَميعِ صفاتِه وأسمائِه، |
| Лакха ву Иза Шен сифаташ кхоьллина хиларх, Шен цIераш кхоллаелла хиларх. | تَعالى أن تكونَ صفاتُه مَخلوقةً، وأسماؤه مُحْدَثَةً. |
| Шá Шен сифат долчу Шен къамелаца вистхилла Иза Муса-пайхамаре, Цо цуьнга дина долу къамел кхоьллина а дац. | كلَّم موسى بكلامِه الَّذي هو صفة ذاتِه، لا خَلْقٌ مِن خلقِه، |
| Шена а, ломана а юкъара пардо дIадаьккхина хилла Цо, тIаккха и лам Цуьнан сийлахьаллийна атабелла, боьхна дIабаьлла. | وَتَجلَّى للجَبَل فصار دَكًّا مِن جلالِه، |
| Къуръан – АллахIан къамел ду, дIадерʹа долчу кепара кхоьллина къамел а дац иза, йа довр долчу кепара кхоьллина долчу хIуманан куц а дац иза. | وأنَّ القرآنَ كلامُ الله، ليس بمخلوقٍ فيَبيدَ، ولا صفةً لمخلوقٍ فَيَنْفدَ. |
| Къадрах (Делан кхелах, хIоттамах, билгалдаккхарх) тешар важиб ду, хуьлийла иза дика хIума, йа вон хIума, мерза хIума, йа къаьхьа хIума – и дерриге вайн АллахI Дала (хьалхе дуьйна) билгалдаьккхина хIоттийна ду, Цуьнан кхиэлаца хуьлуш а ду. | والإيمانُ بالقَدَرِ خَيْرِه وشرِّه، حُلْوِه وَمُرِّه، وكلٌّ ذلك قد قَدَّرَهُ اللهُ رَبُّنا |

| | | |
|---|---|---|
| Массо хIуманан хилар Цуьнан керахь ду, массо хIуманан лелар а, схьада́лар а Цуьнан кхиэлаца ду. | | ومقاديرُ الأمورِ بيدِه، ومَصدَرُها عن قضائِه. |
| Хила а хилале хьалха девзаш хилла ду Цунна массо хIума, тIаккха Цо билгалбинчу хIоттамца хилла а ду массо хIума. | | عَلِمَ كلَّ شيْءٍ قَبل كَونِه، فجَرَى على قَدَرِه، |
| Цуьнан лайша (адамаша) цхьаъа дош эра дац, цхьаъа Iамал а йийр яц Цуьнан кхиэлаца бен, Цунна иза доьххьара дуьйна девзаш хилла бен, ﴿Муха девзар дац кхоьллина волчунна (Ша кхоьллинарг)?! Иза – мел жима хIума а хууш верг, массо хIума а девзаш верг ву﴾. [2] | | لا يَكون من عباده قَولٌ ولا عَمَلٌ إلاَّ وقدْ قَضَاهُ وسبق عِلْمُه به، ﴿ أَلَا يَعۡلَمُ مَنۡ خَلَقَ وَهُوَ ٱللَّطِيفُ ٱلۡخَبِيرُ ﴾. |
| Шена луург тила а вой (нийса некъа тIера галвоккхий), Шен нийсонца сийсазво Цо. Шена луург Шен комаьршаллийца аьтту бой нис а во Цо (нийса некъа тIе). | | يُضلُّ مَن يشاء، فيَخذُلُه بعدْلِه، ويَهدي مَن يَشاء، فيُوَفِّقُه بفضلِه، |
| ХIора (адамана) атта дина Цо Шен Iилмангахь а, Шен хIоттамехь а хьалхе дуьйна долуш хилларг – иза йа дакъаза даьлла хир долуш, йа ирс долуш хир долуш. | | فكَلٌّ مُيسَّرٌ بتَيْسيرِه إلى ما سَبَقَ مِن علمه وقَدَرِه، مِن شَقِيٍّ أو سعيدٍ. |

[2] Сурат «Ал-Мулк», 14 айат.

| | |
|---|---|
| Лакха ву Иза Шен паччаллехь Шена лууш доцург хиларх, йа Цуьнга хьашт доцуш цхьаъ хиларх, йа Иза воцург кхин кхоллархо хиларх (Цуьнан паччахьаллехь Цунна ца лиънарг хуьлийла дац, Цуьнан паччахьаллехь Цуьнга хьашт доцуш цхьаъа хуьлийла дац, Цуьнан паччахьаллехь Иза воцург кхин кхоллархо а хуьлийла дац). | تعالَى أن يكونَ في مُلْكه ما لا يُريد، أو يكونَ لأَحَد عنه غنًى، أو يكون خالقٌ لِشيءٍ ألاَّ هو |
| Адамийн а Эла ву Иза, церан Іамалийн а Эла ву Иза (уьш массо кхоьллинарг а ву Иза). | رَبُّ العباد ورَبُّ أعمالِهم، |
| Церан лелар а, церан Іожаллин хенаш а билгалйинарг ву Иза. | والمُقَدِّرُ لِحرَكاتِهم وآجالِهم، |
| Царна тІехь (Шен) тешалла кхочушдеш царна элчанаш бахийтинарг а ву Иза. | الباعثُ الرُّسُل إليهم لإقامَةِ الحُجَّة عَليهم. |
| ТІаккха тІаьххьара кхочушдина Цо элчаналла а, кхерамца кхайкхамалла а, пайхамаралла а Шен пайхамарца Мухьаммадца, Делера салават а, салам а хуьлда цунна. Элчанех уггар тІаьххьарниг вина (ваийтина) Цо иза, (дика хиллачарна) кхаъ боккхуш волуш, (вон хиллачарна) кхерам кхайкхош волуш, АллахІан пурбанца (адамаш а, жинаш а) Цуьнга кхойкхуш волуш, серло лун тогар санна (нийса некъ гойтуш) волуш. | ثُمَّ ختَمَ الرِّسالةَ والنِّذارَةَ والنُّبوَةَ بمحمَّد نَبيِّه ﷺ، فجَعَلَه آخرَ المرْسَلين، بَشيراً ونَذيراً، وداعياً إلى الله بإذنِه وسِرَاجاً منيراً، |
| Цо цуьнга доссийна Шен хьекъале жайна, Цо цуьнца довзийтина Шен нийса дин, Цо цуьнца гайтина нийса некъ. | وأنزَلَ عَليه كتابَه الحَكيمَ، وشَرَحَ به دينَه القَويَم، وهَدَى به الصِّرَاطَ المستَقيمَ. |

| | |
|---|---|
| (Къемат дийнан) сахьт догӀур долуш (хилар бакъ) ду, цхьаъа шеко йоцуш. АллахӀа юха гӀаттор а ву велларг ша-верг. Цо уьш доьххьара ма-кхоллара, (юха денбина) юха боьрзур бу уьш (беллачул тӀаьхьа). | وأنَّ السَّاعةَ آتيَةٌ لا رَيْبَ فيها، وأنَّ اللهَ يَبعَثُ مَن يَموتُ، كما بدأَهم يعودون. |
| Кхачамбацарех цӀена волчу АллахӀа Шех тешаш болчу Шен лайшна совдоху (алсам доху цара дина долу) диканаш. | وأنَّ اللهَ سبحانه ضاعَفَ لعباده المؤمنين الحسَنات، |
| Цо гечдо царна даккхий къиношна, цара тоба дарца. Кегийчу къиношна а гечдо Цо царна, даккхийчу къинойх уьш ларбелчахьана. | وصَفَحَ لهم بالتَّوبَة عن كبائر السيِّئات، وغَفَرَ لهم الصَّغائرَ باجْتناب الكبائِر، |
| Даккхийчу къинойх тоба а ца деш велларг Шен лааме воьрзуш хилийтина цо (Шена лиъча гечдийр долуш, Шена лиъча таӀзар дийр долуш): ﴿Бакъдолуш АллахӀа геч ца до Шеца (Шен балхехь) накъостий барна; ткъа кхидӀа дерг гечдо Цо Шена луучунна﴾.[3] | وجعَلَ مَن لَم يَتُبْ مِنَ الكبائر صائراً إلى مَشيئته ﴿ إِنَّ ٱللَّهَ لَا يَغۡفِرُ أَن يُشۡرَكَ بِهِۦ وَيَغۡفِرُ مَا دُونَ ذَٰلِكَ لِمَن يَشَآءُۚ ﴾. |
| Шен жоьжахатца Цо таӀзар динарг цу чура Цо аравоккхур ву цуьнан (дуьненахь хиллачу) *иийманаца*, тӀаккха цуьнца Шен ялсамани чу а вохуьйтур ву Цо иза: ﴿Ченалган барамехь дика динчунна а иза гур долуш а ду﴾.[4] | ومَن عاقَبَه بناره أخرجه منها بإيمانه، فأدخَلَه به جَنَّتَه ﴿ فَمَن يَعۡمَلۡ مِثۡقَالَ ذَرَّةٍ خَيۡرٗا يَرَهُۥ ﴾ |

[3] Сурат «Ан-Нисáъ», 48 айат.
[4] Сурат «Аз-ЗалзалахI», 7 айат.

| | | |
|---|---|---|
| Кхин а Цо цу чура аравоккхур ву Шен пайхамаран – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – шафаІатца, даккхий къинош летийначарна юкъара цо шена шафаІат динарг. | | ويُخرِجُ منها بشفاعَةِ النَّبيِّ ﷺ مَن شَفَعَ لَه مِن أهلِ الكبائرِ مِن أمَّتِه. |
| Кхачамбацарех цІена волчу АллахІа кхоьллина (тахана а йолуш) ю ялсамани. Цо иза кечйина Шен гергарчу нахана (бусалбанашна), даим хир йолу хІусам йина. | | وأنَّ اللهَ سبحانه قد خَلَقَ الجَنَّةَ فأَعَدَّها دارَ خُلُود لأوليائِه، |
| Цо уьш сийлахь бийр бу цу чохь Шен сийлахь юьхье уьш хьовсийтарца (Ша гайтарца). | | وأكرَمهم فيها بالنَّظر إلَى وَجْهِهِ الكريم، |
| Иза ю Цо шена чура Шен пайхамар а хилла волу, Шен омрунца хьукма а деш хилла волу Адам Шен лаьтта тІе охьаваьккхина ерг, Шен Іилмангахь Шена хьалхе дуьйна хууш хилла долу бахьана хІоттарца (Адама дитт тІера стом баарца). | | وهي الَّتي أَهْبَطَ منها آدَمَ نبيَّه وخليفتَه إلى أَرضه، بما سَبَقَ في سابقِ علمِه. |
| Кхин а Цо кхоьллина (тахана а йолуш) ю жоьжахати. Цо иза кечйина даим хир йолу хІусам йина, Шеца керстаналла динчунна, Шен билгалонаш а, Шен жайнаш а, Шен элчанаш а (бакъ ца беш, церах) дІавирзинчунна. Цо пардо хІоттийна Шена а, царна а юкъахь, Ша царна гойтур воцуш. | | وخلَقَ النَّارَ فأعَدَّها دَارَ خُلُود لمَن كَفَرَ به وألْحَدَ في آياته وكتُبه ورُسُله، وجَعَلَهم مَحجُوبين عن رُؤيَتِه. |
| Беркате а, лекха а волу АллахІ вогІур волуш ву къемат дийнахь, иштта догІур ду малийкаш а, могІанашкахь, умматаш шена гайтийта а, царна хьесап дан а, (до́гІучунна) таІзар дан а, (бо́гІучунна) ме́л бала а. | | وأنَّ اللهَ تبارك وتعالى يَجيءُ يومَ القيامَة وَالمَلَكُ صَفًّا صَفًّا؛ لعَرْضِ الأُمَمِ وَحِسَابِهَا وعقوبَتِها وثَوابِها، |

| | |
|---|---|
| (Къемат дийнахь) терзанаш дугӀур ду, адамийн Ӏамалш озархьама: ﴿Ткъа шен терзанаш (диканца) дазделларш – уьш бу декъал хир берш﴾.[5] | وتُوضَعُ الموازينُ لَوَزْن أَعْمَال العبَاد: ﴿فمَن ثَقُلَتْ مَوَازِينُهُ فَأولئك هم المُفلِحون﴾ |
| Царна лур ду церан тептарш, тӀехь язйина шайн Ӏамалш йолуш. Ткъа шен тептар шега аьтту агӀор делларг – цунна хьесап дийр ду аттачу хьесапца. Ткъа шайн тептарш шайга букъ тӀехьашхула делларш – церах хьаьрчар ю жоьжахатин цӀе. | ويُؤْتَوْنَ صَحائفهم بأعمَالهم، فمَن أُوتي كتابَه بيمينه فسوف يُحاسَبُ حِساباً يَسيراً، ومَن أُوتِي كتابَه وراء ظَهْرِه فأولئك يُصْلَوْن سَعيراً. |
| (Жоьжахатина тӀехула доьгӀна) тӀай хилар бакъ ду. Делан лайш (адамаш) цу тӀехула девр ду, шайн Ӏамалшка хьаьжжина. Цхьаберш жоьжахатин цӀерах кӀелхьарабевр бу, церан кӀелхьарабовларан сихалла тайп-тайпана а хир ю (цу тӀай тӀехула уьш дехьабовларан сихалла церан Ӏамалшка хьаьжжина хир ду). Ткъа цхьаберш (цу тӀай тӀехула дехьа а ца бовлуьйтуш) церан Ӏамалша жоьжахати чуиэгор бу. | وأنَّ الصِّرَاطَ حَقٌّ، يَجُوزُه العبادُ بقَدْر أعمالهم، فناجُون مُتفاوتُون في سُرعَة النَّجاةِ عليه مِن نار جَهَنَّم، وقَوْمٌ أَوْبَقَتْهُمْ فيها أعمالُهم. |
| АллахӀан Элчанан – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – Ӏам хиларх тешар важиб ду. Цуьнан уммат догӀур ду цу тӀе, цу чура (хи) мелларг хьаглур вац цкъаъа. Цунах (генаваккхарца) юхатухур ву (бусалба дин кхечу динца а, нийса некъ галваларца а) хийцинарг а, (керла хӀуманаш юкъадахарца а, бусалба дин галдаккхарца а) хийцам бинарг а. | والإيمانُ بحَوْض رسول الله ﷺ، تَرِدُهُ أمَّتُه لاَ يَظْمَأُ مَن شَرب منه، ويُذَادُ عنه مَنْ بَدَّل وغَيَّر. |

[5] Сурат «Ал-АӀрóф», 8 айат.

| | |
|---|---|
| *Ийман* – иза маттаца ́олу дош а ду, дагчохь долу ихла́с[6] а ду, дегІан меженашца ен Іамал а ю. Іамалш (алсам) йарца совдолу иза, уьш кІеззиг йарца а, (къинош леторца а) лах а ло иза, цундела Іамал йар Іаддитарца гІелдалар а хуьлу цуьнан, Іамал йарца совдалар а хуьлу цуьнан. Ийман гучудоккхуш долу дош кхочуш ца хуьлу Іамал йарца бен. | وأنَّ الإيمانَ قَولٌ باللِّسان، وإخلاَصٌ بالقلب، وعَمَلٌ بالجوارح، يَزيد بزيادَة الأعمال، ويَنقُصُ بنَقْصها، فيكون فيها النَّقصُ وبها الزِّيادَة، ولا يَكْمُلُ قَولُ الإيمانِ إلاَّ بالعمل. |
| Цхьаъа дош а, Іамал а (нийса а, къобал еш а) яц нийййатца бен (цІенчу даггара АллахІа доьхьа еш хилча бен). Цхьаъа дош а, Іамал а, нийййат а (нийса дац, къобал деш дац) Суннатца догІуш хилча бен. | ولا قَولَ وعَمَلَ إلاَّ بنيَّة، ولا قول ولا عَمَلَ وَنيَّةَ إلاَّ بمُوَافَقَة السُّنَّة. |
| Къилбанан охІлу болчу (бусалба) нахах цхьаъа керста хуьлуш вац къа латорца.[7] | وأنَّه لا يكفرُ أَحدٌ بذَنب مِنْ أهْل القِبْلَة. |
| ШахІидаш (Дела доьхьа гІазот деш кхелхинарш) дийна бу, шайн Делера рицкъа кхочуш а бу.[8] Ирсе хиллачу нехан синош дуьссур долуш а ду, зовкх хьоьгуш а ду, къемат де кхаччалц. Дакъаза бевллачеран синош Іазапехь лаьттар долуш ду, бекхаман дийне кхаччалц.[9] | وأنَّ الشُّهداءَ أحياءٌ عند ربِّهم يُرْزَقون، وأرْواحُ أهْل السَّعادَة باقيةٌ ناعمةٌ إلى يوم يُبْعَثون، وأرواحُ أهلِ الشَّقاوَةِ مُعَذَّبَةٌ إلى يَوم الدِّين. |

[6] Ихлас – деган Іамал ю, цуьнан маьІна: дийриг а, лелориг а цІенна АллахІа доьхьа хилийтар ду, нийййат цІена хилийтар ду.
[7] Кхузахь лууш дерг керстаналла дойту къа а доцуш, кхидІа дерг ду, иза мел доккха делахь а, масала къаьркъа малар а, гІийбат дар а, харц лер а, иштта кхидІа а.
[8] ШахІидийн дахар дуьненан дахар санна дац, дуьненна а, эхартана а юкъахь долуш ша-тайпа дахар ду, вайн хьекъалш тІекхуьур доцуш.
[9] Каш чохь хир долу Іазап а, зовкх а синна а, дегІана а цхьаьне ду. Синош шайн догІмашца хІоттаделла зІе йолуш ду, цундела синошна хуьлуш дерг догІмашна а кхочуш ду.

| | |
|---|---|
| АллахIах тешаш хилларш шайн кешнаш чохь зуьйр болуш бу, цаьрга хаттам бийр болуш а бу. Ткъа ﴿АллахIа чIогIачу дашца чIагIбийр бу Шех тешаш хилларш, дуьненахь а, эхартахь а﴾.[10] | وأنَّ المؤمنينَ يُفْتَنُونَ في قُبورهم ويُسْأَلُون، ﴿ يُثَبِّتُ ٱللَّهُ ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ بِٱلْقَوْلِ ٱلثَّابِتِ فِى ٱلْحَيَوٰةِ ٱلدُّنْيَا وَفِى ٱلْأَخِرَةِ ﴾. |
| Делан лайшна (адамашна) тIехIиттийна хехой (малийкаш) ду, церан Iамалш дIаязйеш. Цара яздечух цхьаъ хIума церан Делан Iилманна юкъарадолуш а дац (Цунна ца хууш дац).[11] | وأنَّ على العباد حَفَظَةً يَكتُبون أعمالَهم، ولا يَسقُطُ شيْءٌ من ذلك عَن عِلمِ ربِّهِم، |
| (Са изцарна тIехIоттийначу) валаран малийко са оьцу (Iожалла тIехIоьттинчеран), шен Делан пурбанца. | وأنَّ مَلَكَ الموتِ يَقْبِضُ الأرواحَ بإذن ربِّه. |
| (ХIокху уммат юкъахь) уггар диканаш АллахIан Элча – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – ган а гина, цунах тешна хилларш бу (асхьабаш бу), тIаккха церал тIаьхьабогIурш бу (табиIуна́ш), тIаккха церал тIаьхьабогIурш бу. | وأنَّ خيْرَ القرون القرنُ الَّذين رَأَوا رسولَ الله ﷺ وآمَنوا به، ثمَّ الَّذين يَلُونَهم ثمَّ الَّذين يَلونَهم. |
| Асхьабашна юкъахь уггар везаниг (уггар дика верг, уггар сийлахь верг) виъ халиф ву, нийсонна тIехь а, нисвелла а хилла волу: Абу Бакар, тIаккха Iумар, тIаккха Iусман, тIаккха Iела, Дела реза хуьлда царна массарна. | وَأَفْضَلُ الصحابة الخُلَفاءُ الرَّاشدون المَهْدِيُّون؛ أبو بكر ثمَّ عُمر ثمَّ عُثمان ثمَّ عليٌّ رضي الله عنهم أجمعين. |

[10] Сурат «Ибро́хIи́м», 27 айат. Оцу айатехь «эхартахь» бохург – каш чохь хаттам бечу хенахь бохург ду, хьадисехь ма-дийццара.

[11] Шена ца хуу дела яздойтуш дац иза АллахIа, Цунна массо хIума хууш ду: хилларг а, хиндерг а, хилла доцург хилча муха хир дара а. Ткъа Цо малийкашка адамийн Iамалш дIаязйайтаран бахьанех цхьа бахьана и тептарш адамашна тешаллийна хIиттор хилар ду, адамашна Ша нийсо еш хилар гойтуш.

| | |
|---|---|
| Элчанан – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – асхьабех цхьаъа хьахо мегар дац уггар дикчу агIор бен. Царна юкъахь лелларг ца дийцар а, иза ца хьехор а (тIехь ду бусалба нахана). Берриге нахана юкъахь уггар хьакъ долуш берш бу уьш шайна бехказло лаха а, шайн гIуллакх уггар дикчу агIор тида а. | وأن لاَ يُذكَرَ أَحَدٌ من صحابَة الرَّسول ﷺ إلاَّ بأحْسَن ذكْر، والإمساك عمَّا شَجَرَ بَينهم، وأنَّهم أحقُّ النَّاس، أن يُلْتَمَسَ لَهم أَحسَن المخارج، ويُظَنَّ بهم أحْسن المذاهب. |
| Бусалба нехан имамашна – церан гIуллакхаш лелош болчу куйьгалхошна а, Iелам-нахана а – муьтIахь хилар (фард) ду. | والطَّاعَةُ لأئمَّة المسلمين مِن وُلاَة أمورِهم وعُلمائهم، |
| Хьалха-хьалха хилла болчу дикачу нахана (асхьабашна а, табиIуна́шна а, церал тIаьхьа хиллачарна а,) тIаьхьаваза́р а, церан лараш тIехь дIавахар а (важиб) ду, царна гечдар дехар а вайн декхар ду. | واتِّباعُ السَّلَفِ الصَّالِح واقتفاءُ آثارِهم، والاستغفارُ لهم. |
| Динехь (харцонца) къийсавалар а, къовсам латтор а Iаддитар (важиб) ду. | وتَركُ المراءِ والجِدَالِ في الدِّين، |
| Керлахоша (динехь) керла юкъадаьхна хIуманаш дерриге Iаддитар а (важиб) ду. | وتَركُ كل ما أَحْدَثَهُ المُحْدِثُونَ. |
| (ТIаьххьара), вай доьху АллахIе, Цо Шегара салават а, дуккха салам а кхачор вайн эла волчу Мухьаммадна а, цуьнан охIлунна а, цуьнан хIусамнаношна а, цуьнан тIаьхьенна а. | وصلَّى الله على سيِّدنا محمَّد وعلى آله وأزواجه وذريته، وسلَّم تَسليماً كثيراً. |